



Move tan

Chanjman klimatik la kapab fè move tan yo vin pi mal epi fè yo parèt pi souvan, sa ki lakòz blese, maladi, ak dega materyèl. Move tan ka andomaje enfrastrikti esansyèl tankou kouran, sistèm kote yo trete dlo egou, sistèm kote yo estoke dlo, ak wout yo. Anpwazonman nan monoksid kabòn yo rive souvan aprè yon evènman move tan fin deranje ekipman rezo elektrik la, akòz move itilizasyon jeneratris, aparèy chofaj konbistib, ak aparèy pou kuit manje yo.

Move tan kapab lakòz tou danje fizik ak debri. Gwo van ka lakòz pyebwa ak antèn telefonik yo tonbe, debri yo vole, fil kouran yo koupe, sa ki ka lakòz blesi oswa kouran touye moun. Debri ki nan dlo inondasyon yo ak wout ki inonde yo kapab lakòz blese ak aksidan machin tou.

Ki moun ki plis an danje?

Gen moun ki kapab plis an danje akoz kote yo rete a, yo pa genyen enfòmasyon ofisyèl gouvènman an, yo pa genyen resous disponib pou prepare tèt yo epi reyaji fas ak sa, ak si yo ta genyen pwoblèm sante. Sa yo gen ladan yo:

- Timoun ki poko gen 5 lane ak moun ki gen plis pase 65 lane
- Moun k ap viv poukонт yo
- Moun ki ansent
- Moun ki pa kapab mache vit
- Moun ki bezwen kouran pou itilize ekipman medikal oswa pou konsève medikaman nan frijidè
- Moun k ap travay nan sèvis piblik
- Sekouris
- Moun ki pa twò pale Anglè oubyen ki pa pale I ditou epi ki riske pa resevwa mesaj ijans yo nan lang matènèl yo
- Moun ki gen maladi kwonik ki bezwen swen tanzantan
- Moun ki gen sistèm iminitè yo ki fèb

Kisa nou kapab fè nan ka sa?

- [Kreye yon plan pou si ta gen tanpèt](#)
- [Kreye yon twous ijans](#)
- [Konnen zòn inondasyon ak zòn delij yo](#)
- Fè yon plan evakyasyon epi konnen ki moun ou ka kontakte pou jwenn èd
- Enstale detektè monoksid kabòn ak lafimen nan kay ou epi teste yo souvan
- Planifye davans si w ap itilize yon jeneratris - mete li deyò, omwen nan yon distans 20 pye parapò ak kay la

**W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth**



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health



Move tan

- Retire nèj ak/oswa debri ki nan tiyo vantilasyon, chodyè alimantasyon, machin pou seche rad, avèk tout tiyo echapman gaz ki nan machin yo
- Kite kay la epi rele 911 si ou menm oswa fanmi ou prezante siy anpwazònman monoksid kabòn sa yo:
 - Tèt vire oubyen anvi dòmi, kè plen, oubyen souf kout
- Plan pou si ta gen pàn kouran:
 - Èske ou bezwen kouran an pou w itilize ekipman medikal oswa pran medikaman ou yo?
 - Mande zanmi oswa vvazen ou yo pou òganize yon plan pou youn tcheke sou byenèt lòt.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health